# Dzidziso dzeCalvinsimu

J. C.choate



# Dzidziso dzeCalvanism

**J. C. Choate**

Murume anonzi John Calvin akaberekerwa kuNoyon, kuFrance Muna 1509, kuvabereki vaive maCatholic. Mukukura kwake Calvin akazotora zvidzidzo zveCatholic akakura mazviri, uye akazotanga kuva netwupfungwa twakevo tweruponeso kubudikidza neshoko Iraiparidzwa muEurope panguva iyoyo. Kubudikidza naCalvin pachezvake, haana Kutanga imwe religion(boka) pachezvake, asi vanhu vaitevera dzodziso dzake vakatanga kuzivikanwa nokuti "maCalvinist " uye nezvimwe zvinamato nhasi Zvinotendwa mudzidzisi dzekutenda uku.

Calvin anotenda mudzidziso dzanoziikane nekuti T. U. L. I. P. Ko manzwi aya anorevei? Zvakare anoenderana papi neshoko raMwari?

T - Total Depravity, kuti munhu vese akatorera kushaisa kana kutadza achangozvarwa, takatorera chivi chekutadza kwaAdhamu, saka vanoti nokudaro munhu haakwanise kuzvisarudzira Mwari pachake, Mwari bedzi ndiye anokwanisa kusarudza vanhu vakakodzera kuponeswa.

- Inzwi RaMwari:

  " *Munhu anotadza, ndiye achafa;* ***MWANAKOMANA HAANGAVI NEMHOSWA YEZVAKAIPA ZVABABA VAKE,*** *nababa havangavi nemhosva yezvakaipa zvomwanakomana wavo; kururama kwowakarurama kuchava pamusoro pake, nokuipa kwowakaipa kuchava pamusoro pake* " ( Ezekeiri 18:20).

  "A*kati, zvirokwazvo* ***NDINOTI*** *kwamuri kana musingashanduki mukava savana vaduku hamungatongopindi muvushe hwokudenga. Naizvozvo aninani unozvininipisa* ***SOMWANA UYU MUDUKU*** *ndiye mukuru muVushe hwokudenga. Aninani unogamuchira* ***MWANA MUDUKU MUMWE WAKADAI*** *nezita ranguunondigamuchira* ***INI "*** (Mateo 18:3-5).

  "....... *Asi munhu mumwe nomumwe unoidzwa kana achikwebwa* ***NOKUCHIVA KWAKE*** *achinyengerwa. Zvino kuchiva, kana kwarema,* ***KUNOZVARA*** *zvivi; nezvivi, kana zvakura, zvinobereka rufu"(* Jakobho 1:14,15).

  Mapisarema 51:5, " Tarirai, ndakaberekerwa muzvakaipa; Mai vangu vakandigamuchira muzvivi". Handizvo kudzidzisa kuti mwana anozvarwa nechivi, asi munyori arikutaura nezvichivi chivabereki vake kwete chake.

- U - Unconditional Election, kuti Mwari anosarudza kuti Ndoupi unofanira kuponeswa uye ndeupi akafanirwa kurashwa, uye munhu haana chake chaangakwanisa kuita

panyama iyi nokuti akasiirwa ( Akagadzirwa kare kuponeswa kana kuraswa), kubva pakutanga, uye kutadza (kana dambudziko)rake haringashanduke.

❖ Inzwi RaMwari:

*" Akati kwavari: Endai munyika yose muparidzire* ***ZVISIKWA ZVOSE*** *Evhangeri* ***UNOTENDA, AKABHABHATIDZWA****, uchaponeswa; asi usingatendi uchatongwa" (*Marko 16:15,16).

" ***VUYAI KWANDIRI*** *imi mose makaneta makaremerwa.* ***INI*** *ndichakuzorodzai* (Mateo 11:28).

*"Chiuyai zvino,* ***TITAURIRARE*** *, ndizvo zvinotaura* ***JEHOVAH*** *; kunyange zvivi zvenyu zvikaita somucheka mutsvuku, zvichachena sechando; kunyange zviri zvishava somuti mushava, zvichaita samakushe amakwai* (Isiah 1:18).

*" Naizvozvo kutenda kunovuya nokunzwa, nokunzwa kunovuya* ***NESHOKO RAMWARI*** *,* ( vaRoma 10:17).

*" Nokuti munhu* ***UNOTENDA*** *nomoyo, ndokururamiswa; unopupura nomuromo, ndokuponeswa* ( vaRoma 10:10).

*" Nemhaka iyi Ndinotambudzika vo nezvinhu izvi, asi handinyadziswi, nokuti Ndinoziva wandakatenda, Ndinoziva kwazvo, kuti unogona* ***KUCHENGETA*** *chandakamupa kusvikira zuva irero* (2 Timotio 1:12).

*"Ndinodana kudenga napasi kukupupurirai nhasi, kuti Ndaisa pamberi pako* ***UPENYU N****orufu, kuropafadzwa nokutukwa; naizvozvo tsaura* ***UPENYU*** *, kuti urarame, iwe navana vako;* ( Dhuteromio 30:19).

Kana vanhu vasina sarudzo pamusoro pokuparidzwa kweshoko raMwari, uye kuruponeso rwake, Mwari haasi munyengeri, asi anodana vose vabomunzwa kuti vaite kwaari?

❖ L- Limited Grace, kuti Kritsu akasarudza kare avo vaizoponeswa.

❖ Inzwi RaMwari:

*"Ndiye mudzikinuri wezvivi zvedu; haazi wezvivi zvedu bedzi, asi wezvivi* ***ZVENYIKA YOSE VO*** *(*1 Johane 2:2).

*" Uyo unoda kuti* ***VANHU VOSE*** *vaponeswe, vasvike pakuziva zvokwadi (*1Timotio 2:4).

*"Nokuti Mwari wakada* ***NYIKA*** *nokudaro, kuti wakapa Mwanakomana wake wakaberekwa mumwe woga, kuti* ***ANINANI UNOTENDA*** *kwaari, arege kuparara, asi ave novupenyu bwusingaperi (* Johane 3:16).

Zvakadzokororwa mumagwaro, Mwari achitaura kuti kuregererwa kuzvivi kwakaitirwa munhu

vose anotenda kwaari.

- I - Irrisistable Grace, kuti "akasarudzwa" haakwanise kuramba Nyasha dzaMwari dzakaiswa maari naMwari iyo anotaura kuponeswa kwevanh.
- Inzwi RaMwari :

*" Asi kuvaIsraeri unoti: Ndakatambunudzira mavoko angu zuva rose kuvanhu vasingatereri, navanokakavara* ( vaRoma 10:21).

*"Munonzvera Magwaro, nokuti munoti vupenyu bwusingaperi munabwo maari; ndiwo anondipupurira ini.* ***ASI HAMUDI KUUYA KWANDIRI*** *, kuti muve novupenyu" (* Johane 5:39,40).

- P - Perseverance Of The Saints, avo vanova "vakasarudzwa" havarasike, Kunyangwe kana munhu akazotanga Kutadza zvinengei zvisisina basa, nokuti anenge akaponeswa kekutanga.
- Inzwi RaMwari:

*" Nokuti ivo, kana nenzira yokuziva Ishe, Muponesi Jesu Kristu,* ***VAMBOTIZA*** *havo zvinosvibisa zvenyika, kana vakabatwa nokukundwa zve nazvo, kuguma kwavo kwaipa kupfuvura kutanga kwavo* ( 2 Petro 2).

Ngatiite shoko raMwari rive chokwadi,  tirambe dzidziso dzevanhu.

World Evangelism Tracts